Нобэ Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэщ

ФИФ! ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№91 (23.905) ● 2019 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 1, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Сыту пІэрэ цІыхугъэм и шхэпсыр?

● Ди псэлъэгъуэр

***Адэжь лъапсэм къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэр ялэ дыдэу щагъэлъэпІар 1998 гъэращ. Абы щыгъуэщ Косовэ къыщыхьеа зауэм къыхашыжа ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу зы гупышхуэ ди къуэш Адыгэ Республикэм къыщихьэжауэ щытар. Мейкъуаепэ километри 4-кІэ пэжыжьэ щыпІэм деж, къэІэпхъуэжахэм папщІэ, Махуэхьэблэ зыфІащэ къуажэ цІыкІу къыщызэрагъэпэщат, а щІыналъэм и Іэтащхьэу а лъэхъэнэм щыта Джарым Аслъэн и жэрдэмкІэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм а махуэм гупльитэ хэІэтыкІа хуащІын щыщІадзар 2010 гъэм къыщегъэжьауэщ.*

Хэкум къэзыгъэзэжам и махуэм и пэ къихуэу дэ зыхуэдгъэзащ «Шэрджэс ренессанс» («Черкесский ренессанс») жылагъуэ зэгухэныгъэм хэт, адэжь щІыналъэр псэупІэ зыхуэхъужа ди лъэпкъэгъуэхэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкІэ къызэрызэгъэпэщам щІэх-щІэхыурэ щІэупщІэ икІи ахэр зыдэтІысхьэжа къуажэхэм кІуэрей Къарэ Ратмир.

- Ратмир, нэгъуэщІ къэралхэм къикІыжу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэзыгъэзэжа адыгэхэм, иужьрей махуэзэр къэтщтэнщи, гъэщІэгъуэн тщыхъуну, къайхъулІа ІуэхугъуэфІхэм ящыщ зыбжанэм укъытхутепсэлъыхьамэ ди гуапэ хъунт.

- Махуит! ипэкІэ нысашэ гукъинэж екІуэкІащ. Сирием къикІыжахэм ящыщу Цейхэ Іэниуаррэ Сыхъуэрэ я зы щІалэм, Тамбий Хьэкъулэ ялъэу Заретэ къарагъэшащ. Цейхэ Александровскэ станицэм дэсщ. Къыхэдгъэщыну дызыхуейр аращи, я щІалэм щхьэгъусэ хуэхъуар къбэрдей пщащэщ, Нартан къуажэм щыщщ. ЖыпІэнур арамэ, ар гуфІэгъуэшхуэщ: Хэкум къихьэжамрэ мыбы щыщ хъыджэбзымрэ зэрызэрыгъуэтар.

- Іэниуаррэ Сыхъуэрэ ябгьэдэсыр а зы къуэра?

– НтІэ. А тІур быныфІэми, я гъусэу Хэкум къихьэжар а зыращ. Адрейхэр, хэти (пхъунэр) унагъуэ ихьащ, хэти нэгъуэщІ къэралхэм лэжьапІэлъыхъуэ кІуащ. Сирием къикІыжахэм ящыщу а зы унагъуэр Александровскэ станицэм дэтІысхьати, жыпІэнур арамэ, гугъу щехьащ. Сытми, а унагъуэр къэзэрыІэпхъуэжрэ а къуажэм дэсурэ, лажьэ-пщІантІэми, мылъку тІэкІу зэрагъэпэщати, я къуэм иджы къарагъэшауэ аращ. Къыхэгъэщіпхъэщ Хэкум и адыгэхэм ящыщхэри а унагъуэм зэрадэІэпыкъуар. Псалъэм папщІэ, я хадэм щыхащІну жыгыщІэ цІыкІухэр, зэрыІэбэну Іэмэпсымэжр, нэгъуэщІхэри къуэхуащэхуащ. Апхуэдэу къекІуэкІыурэ, я къуэ Тамбий къишэн хуей щыхъуми, зыщІагъэкъуащ.

- Ратмир, Цейхэ нэмыщІ, Сирием къиІэпхъуКІыжахэм нэгъуэщІ гуэрхэри яхэту пІэрэ Хэкужьым унагъуэ щыІэрагъэпэщауэ?

- НтІэ. Псалъэм папщІэ, ищхьэкІэ зи гугъу тщІам ипэ кьихуэу, нэгъуэщІ апхуэдэ гуфІэгъуи дыхэтащ. Хэкум къихьэжахэм ящыщ ныбжьыщитІыр (тІури студентщ) ди щІыналъэм щызэхуэзэри, унагъуэ щыхъуащ. ЩІалэр Хьэмыкъуэкъ ящыщщ, и цІэр Анзорщ, нысащІэр Джэшхэ ялъхъущ, и цІэр Риммэщ. ЖыпІэнур арамэ, мы тІум я нысашэ джэгури апхуэдизу дахэу, Адыгэ Хабзэм тету, хъуэхъу екІуэкІэр щыжаІэу, ирагъэкІуэкІащ, кьафэ зэмылІэужьыкІэ куэд щагъэлъэгъуащи, дымыгъэщІэгъуэн тлъэкІатэкъым.

- Хэкужьым къыІэзэрихьэжрэ бын зыгъэтахэр яхэт къэІэпхъуэжахэм, Ратмир?

- Яхэтщ. Зымахуэ нэгъуэщІ Іуэху телъыджи дыхэтащ. Благовещенскэ къуажэм дэс СтІащхэ Тоэзр и унагъуэм сабий еханэ кьихъуащ. КьызэрыщІэкІымкІэ, зэщъхэгъуситІым я щІэблэм щыщу щыр Хэкужьым къыщалъхуащ. Іуэр нэхъыжьхэм я зыр автомобиль-гъэзгу колледжым мы гъэм щІэтІысхьащ. А щІалэр дыгъуасэ си дежь, гуфІэжурэ, къэпсэлъащ, «сыщІэхуащ сызыщІэхъуэпса еджапІэм» жиІэри.

- КъэІэпхъуэжахэм ящыщу мы зэманым Благовещенскэ унагъуэ дапщэ дэс?

- ТІощІым нызэрохьэс.

- Сыт ахэр зыхэпсэукІыр, зэлэжьыр?

- Я хадэм къыщыкІым, я лъапсэм щагъэхьу джэдкъазым, мэлым, Іэщым. Мис, псалъэм папщІэ, зи гугъу сщІы СтІащ Тоэзр и унагъуэм жам яІащи, исхэр шэ, шхэ, шатэ хуэдэхэм щыщІэркъым. Адрей лъапсэхэм я нэхъыбапІэм помидор, нащэ хуэдэ хадэхэкІхэр къагъэхъуу аращ.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

● Дыгъуасэ

КІуэкІуэ Казбек Темыркъан Юрий ІущІащ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек Іущіащ Санкт-Петербург и къэрал филармониеи и Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщІ, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и нагъыщэ псори зыхуагъэфэща Темыркъан Юрий.

ЗЭІУЩІЭМ и гугъу щащІащ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм, творческэ гупхэм, щІалэгъуалэ зэчиифІэхэм защІэгъэкъуэным хуэгъэзауэ щыІэ Іэмалхэм.

Маэстром къигъэлъэгъуащ щэнхабзэ Іэнатіэм, макъамэ гъуазджэм адэкІи зегъэужьыным, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэным теухуа и Іуэху епльыкІэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аПІэ.

«Урысей зэкъуэтым» КЪБР-м и Іэтащхьэм и кандидатым и цІэр кърелуа

«Урысей зэкъуэт» партым УФ-м и Президент Путин Владимир Ингуш Республикэм, Кърым Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я Іэтащхьэхэр гъэувыным хуэгъэзауэ хэплъэн папщІэ къыхилъхьащ генеральнэ советым нэхъ зыхуэфащэу къилъыта кандидатхэр.

КАНДИДАТХЭМ ятеухуа тхыгъэхэр партым и генеральнэ советым и секретарь Турчак Андрей къэралым и Унафэщ1ым хуигъэхьащ бадзэуэгъуэм и 26-м. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кІулыкъум ягъэувын папщІэ абы къыщыгъэлъэгъуащ иджыпсту ди щІыналъэм и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек. «КІуэкІуэр зэфІэкІыкІуэ зыбгъэдэлъ унафэщІщ, зэхэщІыкІ зиІэ политикщ. Абы щІыналъэм и Іуэху зыІутыр фІыуэ ещІэ икІи апэкІэ лэжьа унафэщІхэм я ехъулІэныгъэхэр ихъумэным къыщымынэу, республикэм адэкІэ иІэну зыужьыныгъэр щІигъэпсыныщІэфынущ», - жиІащ Турчак Андрей.

Фигу къэдгъэкІыжынщ КъБР-м и Іэтащхьэр жэпуэгъуэм и 3-м зэрыхахынур.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат, «Урысей зэкъуэт» фракцэм и унафэщІым и ялпэ къуэдзэ Щхьэгуэш Адэлбий бадзэуэгъуэм и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм щаІуащІащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и УнафэщІым и цІыхубэ егъэблэгъапІэу Налшык щыІэм. Ар едзІуащ къыхуэкІуа цІыху 11-м я гуныкъуэгъуэхэм.

- МЫПХУЭДЭ зэІущІэхэм нэхъ наІуэ къащІ законкэр щІыпІэхэм гъэзэщІа зэрыщІхъумрэ зэлэжьыкъэхэмрэ. ЦІыхухэм зыкъыззэрытхуагъазэ Іуэхуэр зэщхькъым, ауэ нэхьыбэм я гугъуехьыр зэпхар я псэукІэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ дэІэпыкъунысгъэ зэрыхуэныкъуэрщ, лэжьыгъэ зэрамыгъуэтымрэ медицинэ Іуэхутхьбзэхэм зэрыпэмыльэщхэмрэщ, - жиІащ ЩхьэгъуэшІм. - Фщ1эж къыщІэкІынщ сэ зыбжанэрэ «ДаІэпыкъуэгъу псынщІэм» и гупым я гъусэу Налшык и уэрамхэм ахэр зэрыщызекІуэм, зэрыблагъэкІым зыщІагъэгъуэзэну сыхэтащ. Мыяз-мытІэу зы гупсысэм дыхуэкІуащ: «ДаІэпыкъуэгъу псынщІэм» и машинэр блэзымыгъэкІым нэхъ ткІийуэ жэуап егъэхьыным хэплъэн хуейуэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ лъэпощхьэпо мыщІагъуэхэм я зэранкІэ куэдрэ кьохъу цІыхур сымаджэщым нэмысу щыІэ. Ильэс зыбжанэкІэ а Іуэхум ди нэІэ тедгъэтащ икІи абы ехьэлІауэ уголовнэ жэуап зэрахьынум теухуа законыр пхыдгъэкІащ.

ЩхьэгъуэшІм Адэлбий жиІащ цІыхуэхэм зыкъыззэрыхуагъазэм Іуэху нэхъ гугъуэхэм кьыззэрыхэкІыр, занщІэу и унафэ пхуэмыщІу. Апхуэдэм дежи депутатхэр хущІокъу цІыхум и Іуэхур щІэмыкІуатэм и щхьэусыгъуэр кьыгурагъэІуэну.

- СызэреплъымкІэ, ди лэжьыгъэр ефІэкІуэныр иджыпсту псом хуэмыдуу зэлъытар кълыкъущІэхэращ, ахэр Іуэхум зэрыгъэзджыхьэщ. Унафэ зыІэщІэлъ дэтхэнэ зыми нэсу къыгурыІуэн хуейщ ар зыхуэлажьэр цІыхур зэІуэпэщу игъэпсэныр зэрыарар. Къэдрэ дахуоэз а зи гугъу сщІыр къызыфІэмыІуэху, гудзакъэ лъэпкъ ямыІэу Іэнатіэм бгъэдэт унафэщІхэм. Абыи дыпэщІэтын хуейщ, - дыщигъуащ депутатым.

Апхуэдэуи ЩхьэгъуэшІм журналистхэм къажриІащ Къэрал Думэм бжьыхьэм кьыщыхилъхьэну и мурад законопроектыр зытеухуар кьауэ пкъыгъуэхэр Іэрыщіу ягъэхьэзырыну хуимыту гъэбелджылын зэрыхуейр зэрыарар. «Терроризм щІэпхъаджагъэ нэхъ хьэлъэхэри иралэжьыф абы-хэм, цІыху пщІы бжьыгъэхэр хэкІуадэу. Ар къэтлъытэу, пкъыгъуэ къауэхэр Іэрыщіу зыщІхэмрэ изыгъэкІхэмрэ жэуап ирагъэхьыр дгъэтКІин и хуейуэ кьызэлъытэ. Жэрдэмыр Суд Нэхъыщхьэм кьыздиІыгъащ», - пищащ депутатым.

ЩхьэгъуэшІм Адэлбий а махуэм зригъэщІыхуащ Жаращуев Хьэким. ЩІалэ цІыкІум и ІитІыр пыткъым. Депутатым нэхъ ипэкІи унагъуэм защІигъэкъуащ операцэ зэращІыну ахъшэ зэхуэхьэсыныкІэ. Хьэким Москварэ Налшыкрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм щоджэ. ЩхьэгъуэшІм щІалэр къиІгъэгугъащ дяпэкІи сыт и лъэныкъуэкІи кьыдэІэпыкъуну.

Май районым щыщ фермер Владимир ЩхьэгъуэшІм елъэІуащ жыг хадэ щигъэкІыну кьищта щІым и бэджэндыпщІэр нэхъ мащІэ хуащІынымкІэ закъыщІигъэкъуэну, арыншамэ, унагъуэр уасэм пэлъэщыркъым, зыкъаужьыфыркъым.

Налшык кьалэм дэс Нафисэт депутатым зыхуигъэзащ дачэ къратыным хэлЫфІыхьыну. Бэлъхъугъэм зэрыжиІамкІэ, щІапІэ зратын хуейхэм я чэзум абы и унагъуэр 1996 гъэ лъандэрэ хэтщ икІи нобэр кьыздэсым я Іуэхур зэхагъэкІакъым. ЩхьэгъуэшІм ар кьигъэгугъащ и Іуэхухэм нэхъ тэмэму зыщигъэгъуазэу хузэфІэкІи кьимыгъэнэну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Адыгэ щІалэгъуалэм я зэхыхьэ

● Лъэпкъ Іуэху

Мы махуэхэм Налшык щокІуэкІ Урысей Федерацэм ис адыгэ щІалэгъуалэм я зэхыхьэ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 30-м, зэхыхьэр кьыщызэІуахым, я псалъэ щІалэгъуалэм зэхрагъэхьыну абы кърагъэблагъат Горчаковым и цІэр зезыхьэ фондым и лЫкІуэ **Карслиевэ Викторие**, ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я Советым хэт **Къуэдзокъуэ Анатолий**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артём**, КЪБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и министерствэм и унафэщІ **КІурашын Анзор**, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и директор, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор **Дзэмыхь Къасболэт**, КъБКъУ-м и проректор **Къэжэр Артур**, ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэр, нэгъуэщІхэри.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэІуущІэр кьыщызэІуихым жиІащ форумыр кьызэрызэрагъэпэщар Горчаковым и цІэр зезыхьэ фондым и фІыщІэу кьызэрилъытэр. А Іуэхумкіэ щІэгъэкъуэн кьыхуэхъуэхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ абы.

- Мы зэхыхьэм щІалэгъуалэ куэд къекІуэлІащ. Абыхэм яхэтщ хэкум къэкІуэжахэм я щІэблэри, хэкурыс ныбжьыщІэхэри. УщымыгуфІыкІымкІэ Іэмал иІэкъым ахэр яфІэгъэщІэгъэну мыбы кьызэрызыхьар, ар Іуэхур и зэману кьызэрытІэтам щыхьэт тохъуэ. Форумым и кьалэн нэхъыщхьэр адыгэ щІалэгъуалэр зэрыгъэщІыхуэнырщ, гупсысэ дахэ зиІэхэр, Іуэху епльыкІэ щІэщыгъуэ зыгъэтІысхуэхэр зэдзэгъэшэнырщ, зэрыщІэнырщ. Хэт ищІэрэ, абыхэм дэ дызэмыгупсыса епльыкІэ кьыхалъхьэнкІэ хъунщ. ЩІалэгъуалэм захуигъазэу яжесІэну сыхуейщ, мы махуэхэм жыджэру лэжьыгъэм хэтыну, упщІэ зиІэ щІэщыгъуэ зыгъэтІысхуэх

Сыту пІэрэ цІыхугъэм и шхэпсыр?

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

- Дапщэ ди республикэм мы лъэхъэнэм щыпсэур нэгъэущІыкъэралхэм кІиІэпхъуікІыжа адыгэхэм ящыщу?

- Я бжыгъэкІэ миным нысэрохьэс. Мыри кІыхьэгъэщынут. Зи Хэку къэзыгъэззжа адыгэхэм я махуэм иредгъэхьэлІэу, апхуэдэхэм ильэс къэс зыгуэрКІэ дахуэупсэрт, ахъшэ гуэрхэр зэхуэтхъэсауэ диІэти. Мы гъэм, тІэкІу нэхъ дыхуэмыщІауэ дрихьэлІати, дыгуэзавэрт, «ярэби, мы махуэм яхуэтщІ хабзэ ди гулыитэм ахэр щыдгъэщІэну пІэрэ?» жыІтІэу. Арщхьэкіэ, Тхъэм и фІыщІэкІэ, мы ильэсми кІыкІыуэкІащ псапэ зыпыль а Іуэхум зи мыпкъым щыщІ хуэхэзыха цІыху гуапэ. Ар егъэбзэрабзэ, езыр дежьуужурэ уэрэдыжьхэр жеІэ. Ар мы гъэм и мэкъуаугъэуэм ирагъэблэгъат Сочэ ильэс зыбжанэ хъуауэ щрагъэкІуэкІ, «ЩхъуантІафэу зэпещІыпщІэ псыу» («Лазурный берег») зи фІэщыгъэ, макъамэмрэ гъазджэмкІэ дунейпсо зэпеуэми, езым и ныбжьымрэ унэтІыныгъэу зыхэхуамкІэ ирагъэкІуэкІа зэпеуэм япэ увыпІэр зэкъыщохьащ, абы ипкъ иткІи дыщэ медаль къыхуагъэфэщащ.

«Жако» компаниер зыгъэлажьэхэм ящыщ ЖьэкІэмыхьу Аслъэнбийщ. Абы Іэфыкіэ зэрыльэ сэмбхэр тхуиГъэхьэзыраци, ахэр дгъэшурэ, къэлэпхъуэжахэр зыдэс жылагъуэхэр къыззэхэткІуухьыну ди мурадщ.

- КъэЗэпхъуэжахэм я щІэблэм яхэт зыхэхуа гъащІэм ехьуІэныгъэ къыщызыгъэлъагъуэхэр?

- Благовещенскэ дэс Уэтейхэ Амир и унагъуэм щыщ щІалэ цІыкІум, Хьэзем, гъэщІэгъуэну шыкІэпшынэр зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщецшхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 1, *махуэку*

♦Шыщхьэуіум и 1 – 7-хэр Сабий цІынэхэр ан з быдзышэкІэ гъэшхэным къыхуедджэным и дунейпсо тхьэмахуэщ

♦УФ-м Іэщэкіэ Зэщіэуэзэда и Къаруэхэм я тылым и махуэщ

♦Урысейм и Инкассаторым и махуэщ

♦Япэ дунейпсо зауэм хэкІуэда урысей сэлэтхэм я фэеплъ махуэщ

♦Азербайджаным щагъэлъапІэ я алыфбеймрэ я бзэмрэ я махуэр

♦Зи хэку къэзыгъэззэжа адыгэхэм я махуэщ

♦Китайм щагъэлъапІэ я цІыхубз-щхьэхуитщІыжакІуэ армэр къыщыззэрагъэпэщащ

♦1885 гъэм япэ дыдэу уэгум зиІэтащ Можайский Александр ищІа къэхъулъатэм.

♦1900 гъэм Германием къыщызэрагъэпэщащ «Боруссия» футбол клубыр. Ар дуней псом щыпсэ ныбрызехьэ гупхэм ящыщу къалъэтэ: я кІэралым тхуэнэфрэ и чемпион хъуащ, УЕФА-м и Кубокыр 1975, 1979 гъэхэм кІихьащ.

♦1914 гъэм Япэ дунейпсо зауэм щІидзащ.

♦1924 гъэм Бэракъ Плъыжь орденыр къащтащ.

♦1927 гъэм Ленинград областыр къызэрагъэпэщащ.

♦1936 гъэм Германием и къалащхьэ Берлин къыщыІэзІуахащ XI Гъэмахуэ Олимп джэгуэр. Ахэр шыщхьэуІум и 16 пщІондэ екІуэкІащ.

♦1939 гъэм Совет Союзым и Плыжьыжьым и «Дынэ Ваг ъуэ» медалым теуха уна-фэр хъащтащ.

♦1958 гъэм «Іуащхьэмахуэ» журналым и япэ номерыр дунейм къытехьащ.

♦1967 гъэм Бахъсэнрэ Тэрчрэ къалэ хъуащ.

♦КъБАССР-м мэкъумэш Іэнатіэм зыщегъэжьыным хэлъхьэныгъэшхэр хуэзыщІа, Социалист Лэжьыгъэм и Плыхьужь **Бырс Анзор** кьызэралъхурэ ильэси 127-рэ ирокъу.

♦Телевиденэм и диктору щыта, СССР-м и цІыхубз артисткъ **Леонтьевэ Валентинэ** къызэралъхурэ ильэс 96-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакІуэ **Къущхьэ Сулътан** къызэралъхурэ ильэс 89-рэ ирокъу.

♦Критик, зэдзэкІакІуэ, АР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ПъапцІэрыщэ Хъалид** и ныбжьыр ильэс 81-рэ ирокъу.

♦Юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-мрэ Экологиемкіэ, цІыхум и шынагъуэншагъэмрэ щІыуэпсымкІэ дунейпсо академиемрэ я академик, УФ-м щІыхь зиІэ и юрист **Шапсыгъ (КІэкІыхъу) Дамир** и ныбжьыр ильэс 76-рэ ирокъу.

♦Хэкум къэзыгъэззжахэр жылагъуэм хэзгъэжьнымкІэ щадэІэпыкъу унэу Мейкъуапэ дэтым и унафэщІ **Бэрзэдж Убых (Нихьэт)** и ныбжьыр ильэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщецшхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 2, *мэрем*

♦УФ-м и Хьэуа-Десантыдзэхэм я махуэщ. Ар Белоруссиеми Къэзахъстани щагъэлъапІэ. 1930 гъэм Москва дзэ округым зыгъэзэнэгъэхэр Воронеж кьалэм пэмыжьжьэу щриГъэкІуэкІыу япэ дыдэу хьэуа десант абдеж къыщетІысэхауэ щытащ. Аращ махуэм лъабжьэ хуэхъуар.

♦Азербайджаным щагъэлъапІэ я алыфбеймрэ я бзэмрэ я махуэр

♦Коми Республикэмрэ Ненецкэ автономнэ округымрэ щагъэлъапІэ Щыхьым и махуэр

♦Сербием и Авиацэм и махуэр

♦1790 гъэм США-м щыпсэу цІыхухэр дапщэ хъуми япэу къэбжауэ щытащ.

♦1887 гъэм Ходж Роуэлл ГъущІ кІапсэ банэр къызэрыгупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ ираташ.

♦1906 гъэм Португалием къыщызэрагъэпэщащ «Порту» футбол клубыр. Ар тІэунейрэ щытекІуащ Чемпионхэм я лигэм, УЕФА-м и кубокри кьихьащ.

♦1916 гъэм Москва АМО заводыр щаутІыпщащ. 1933 гъэм абы Сталиным и цІэр фІащащ. Иджыпсту ар Лихачёвым и цІэр зезыхьэ ЗИЛ заводырщ.

♦1933 гъэм Беломор-Балтие лІэужьым я къэныкъуэкІэ щыІэ законодательствэм, кІэрыкубжьэрыхуэхэм елэжьын я лъэныкъуэкІэ щыІэ законодательствэр зрэзэщІэным, хьэрычэтыщІэхэм я хуитныгъэхэр пхыгъэкІыным, щІэпсъажагъэхэм, коррупцэм, экстремизмэм япэщІытныгъэ гъэлъэщыным.

Федеральнэ хабзэхэр зэрагъэзащІэр къыщащІэтэм, къыщІагъэщащ хабзэр 16516-рэ къыщэпаудауэ, правовой акт 2370-р хабзэм къемызэгъыу къалъытащ, абыхэм теухуа тхыгъэ 3327-рэ ягъэхьэзыращ, дисциплинарнэ зэрыпым цІыху 2582-рэ, административнэм 885-рэ ирашэлІащ

Сыт щыгъуи хуэдэу прокурорхэм я нэІэ тетщ цІыхухэм лэжьыгъэмкІэ яІэ хуитныгъэр яхъумэным. Абы и лъэныкъуэкІэ зэфІахахэм я фІыгъэкІэ сом 53.202.000-рэ ирагъэпшынащ улахуэмкІэ хьатехуа щІыхуэу.

Сабийхэм я хуитныгъэм къыщхьэщыжьынымкІ, абыхэм я гъащІэр, узынщагъэр хъумэным, щІэныгъэ ирагъэгъуэтыным, сабий зеинщэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зыхуэй-зыхуэфІкІэ къыззэгъэпэщынымкІ, балигъ мыхъуахэр кІэлъыплъын ямыІэу къэмыонным, щІэпхъаджагъэм пэІэщІэ ящыным гулъытэ хуащІ. А лэжьыгъэм кърикІуаращи, хабзэр 3350-рэ къызэпаудауэ къыщІагъэщащ.

Федеральнэ хабзэхэр зэрагъэзащІэр къыщащпщтэм къыщІагъэщащэм япкъ иткІэ ипэкІэ щыхэплъэ Іуэхущ Іапіэхэм Іуэху 91-рэ ягъэхьати, абыхэмкІэ уголовнэ Іуэху 75-рэ къызэІуахащ.

ЗэІуІщІэм къызэрыщыхагъэщащи, мы гъэм и япэ мазихым щІэпхъаджагъэ 4055-рэ ятхати, абыхэм я процент 75,1-р сэтей къащІащ. ЩІэпхъаджагъэ хьэлъэрэ хьэлъэ дыдэу ятхащ 1145-рэ, террорым ехьэлауэ - 71-рэ, цІыху укІыным - 21-рэ, хабзэхъуэм Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм я гъащІэмкІэ шынагъуэу 4, наркотик ящэн-къащэхуным пыщІауэ 666-рэ.

Прокурорхэм дисциплинэ жэупым ирашэлІащ къуплікъуащІэ 307-рэ.

Коррупцэм пэщІэтыныжьмкІэ хабзэр ямыгъэзащІэу 1069-рэ къыщІагъэщащ икІи дисциплинэ, административнэ жэупым ирашэлІащ цІыху 466-рэ. Къуплікъушхуэ зыІыгъэхэм я дежи къыщызэпаудащ коррупцэ Іуэхуэхэр икІи прокурор къэпщытэныгъэхэм я тхьилъхэмкІэ къаІэтащ уголовнэ Іуэху 17.

Террор Іуэху ялэжьныир къагъэхъуакъым. Хабзэхъумэ Іэнатіэхэм жыджэру а лэжьыгъэр зэрыраГъэкІуэкІым къриІкІуэ щІэпхъаджагъэ 80 къыщІагъэщащи, 2-р терроризмэм ахъшэ зуэтІыпщыным, 2-р абыхэм ядэлэжьэным ехьэлІащ. Уголовнэ кІэлъыплъныгъэм хиубыдащ Урысейм адэкІэ (Сирием, Иракым) террор Іуэхуэмрэ ІэщэкІэ зэщІэуэзда гупхэр кьызэгъэпэщыныр зэрыпхъэщ 158-рэ. Абыхэм ящыщу 43-р ягъэтІысащ, 136-р дуней псом къыщыІэныхъэу, 19-р зауэ щекІуэкІ щыпІэм ягъэкІуакъым.

Прокурорхэр хэту судхэм щыхэплъащ уголовнэ Іуэху 1507-м.

Прокуратурэм къыщІэрыхьащ лъэІу 6661-рэ, ахэр зыхэплъар 3116-рэ мэхъу, цІыху 588-р арэзы ящІащ. Зыкъызэрыхуагъазэр нэхъыбэу ехьэлІащ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм, балигъ мыхъуахэм, щІым теухуа законодательствэр зэрамагъэзащІэм.

Я щхьэ Іуэхукіэ зыкъыхуагъэзащ цІыху 1278-м. Абыхэм ящыщу 574-м яхуэзащ прокурорхэмрэ абыхэм я къуэдзэхэмрэ.

ЗэІуІщІэм кърикІуахэр, Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэмкІэ и управленэм и унафэщІ Семёнов Александр къигъэлъэгъуа ныкъусаныгъэхэри хьихьу, къызэрыкъуэжри, 2019 гъэм законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэныжьмкІэ республикэм и прокурорхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа Іуэхуэхэр къыщыгъэлъэгъуа унафэ къащтащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Дирижёр цІэрыІуэ Темыркъан Юрий ныбжьыщІэхэр егъэгушхуэ.

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Адыгэ щІалэгъуалэм я зэхьыхьэ

- Къыдэкіуэтей щІэблэр гъэзгу захуэ тегъэувэныжьмкІэ, гупсысэ дахэ, Іуэху еплъыкІэ узынышэ яІэу къэгъэхъуныжьмкІэ хуабжьу дызыхуей Іуэхущ мыр, - жиІащ **Къуэжей Артём** къыщыпсалъэм. - Сыхуейщ ныбжьыщІэхэм къыфхуэщхьэпэн гупсысэ кьыхэфхыну, лъэпкъым фызэриналъэр фщІымыгъупщэу абы и пщІэр фІэту Іуэхущ Іафэкіи псэукІэкіи фыхуэфащэу фыпсэуну. Горчаковым и фондымрэ ДАХ-мрэ я зэдэлэжьэныгъэм фІы къахудэкІуэну, ефІэкІуэну си гуапэщ. Дэ псоми фІыуэ къыдгуроІуэ лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр зыкъутэну хущІэкъуэхэр зэрыщыІэр. Къэралым и мылъку нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы ис лъэпкъхэр икІи зэгурыІуэныгъэр хъумэныр, егъэфІэкІуэныр ди къалэн пэрытщи, зыщыдбмыгъэгъупщэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэухуэхэмкіэ и министр **Къумыкъу Іэуес** псалъэмакъым къыпищу жиІащ:

- Адыгэ щІалэгъуалэм и форумым и программэр гъэщІэгъуэнщ. Іэщ Іагъэлі пэрытхэм псалъэмакъ щхьэпэхэр ирагъэкІуэкІынущи, къфрщІэр гъащІэм къыщыбгъэсэбэпыну, мыбы фызэрыхэтам фыхуущІемыгъуэжыну сыщогуГъ. Горчаковым и фондым и лІыкІуэу къытхуеблэгъа пщащэр ди республикэм фІыуэ щалъагъу, ди университетым и ныбжьэгъу пэжщи ди зэдэлэжьэныгъэм дяпэкІи фІы къытхудэкІуэну, ефІэкІуэну сыполлъэ.

ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я Советым хэт **Къуэдзокъуэ Анатолий** адыгэ щІалэгъуалэм захуигъэзащ.

- Мы зэхьыхьэм, мыбдеж щІэкІуэкІ зэпсэльэныгъэм и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэну къагощ, - жиІащ абы. - Къэкіуэнур зейр щІэблэращ. Ар къыдгурыІуэу, ипэкІэ дыплъэу дымыплажьэмэ, зэманым дыкъыкІэрыхуэнущ. Гулъытэнщэу къыдгъанэ щІалэгъуалэр тІэщІэкІынкІэ щынагъуэ щыІэщ. ЩІалэгъуалэ Іейри фІыри дыдейщ. Ахэр зэрыхъунур зэпльтар дэращ, ауэ езы щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмри зэрылэжьэн хуейр къагурыІуэу гъащІэм жыджэру хэтыпхъэщ.

Горчаковым и щІакІэ щыІэ фондым и лІыкІуэр, бысымым пщІэ къаззэрыхуищым, ди хабзэм зэрыщыгъуазэм и щыхьэту, нэхъыжьхэм яужьщ къыщыпсэльэр.

Адэкіэ, зэраубзыхуам тету, щІалэгъуалэм гупищу загуэшри, адыгэбзэр хъумэным, ар щІэблэм яІурылъхьэным и мыхьэнэм, бзэр курыт еджапІэхэм зэрыщрагъэджым, лъэпкъ щхьэхуэныгъэ нэхъыщхьэхэм, хабзэм тепсэлъыхьащ. ЗэІущІэм и гугъу щащІащ Іуащхьэмахуэ и щыгум япэу дэкІа Хьэшыр Чылар мыадыгэу къыщІрагъэдзыну яужь зэритым, абы тхыдэм и дзэфтэр пэжхэмкІэ пэщІэувапхъэу кьызэралъытэм, адыгэ фащэм и мыхьэнэмрэ къекІуэкІыкІамрэ, адыгэшым, нэгъуэщІ куэдми.

ЗэІуІщІэм хэтхэм Іэмалыфі яІащ абдежым щагъэува лъэпкъ пщІантІэ цІыкІуэхэм щыхьэщІну, ди щІыналъэм щыпсэухэм я хабзэм, щэнхабзэм нэхъ гъунэгъуу нэІуасэ зыхуащІыну. НыбжьыщІэхэм къызэрымыкІуэу я гуапэ хуэщ адыгэ лъэпкъым къыхэкІа дирижёр цІэрыІуэ Темыркъан Юрэ абыхэм къаззэрыуеблэгъаР, нэхъыжьыфІи и ущие гуапэ зэрызэхахар.

Іуэху дахэкІэ гъэнщІа мазхуэр джэгу екІукІэ зэхуащІыжащ.

Форумым къыщІэта Іуэхуфіхэм гугъэ уагъэщІ апхуэдэ гулъытэ дахэ зыхуащІ щІалэгъуалэм зэхащІыкІыну, нэхъыжьхэр зыгъэгушхуэн, нэхъыщІэхэм лъагъэхэщ яхуэхъун щІэблэ къытщІэтэджэну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Елъкъан Артур** *трихащ.*

Цей зэщхьэгъусэхэу Іэниуаррэ Сыхъуэрэ.

Зи Хэку къэзыгъэззжахэм яхуоупсэ.

Тхыгъэри сурэтхэри **КЪУМАХУЭ Аслъэн ейщ.**

Нобэрэ пщэдейрэ

Шыщхьэуіум и 1, *махуэку*

♦Шыщхьэуіум и 1 – 7-хэр Сабий цІынэхэр ан з быдзышэкІэ гъэшхэным къыхуедджэным и дунейпсо тхьэмахуэщ

♦УФ-м Іэщэкіэ Зэщіэуэзда и Къаруэхэм я тылым и махуэщ

♦Урысейм и Инкассаторым и махуэщ

♦Япэ дунейпсо зауэм хэкІуэда урысей сэлэтхэм я фэеплъ махуэщ

♦Азербайджаным щагъэлъапІэ я алыфбеймрэ я бзэмрэ я махуэр

♦Зи хэку къэзыгъэззжахэм адыгэхэм я махуэщ

♦Китайм щагъэлъапІэ я цІыхубз-щхьэхуитщІыжакІуэ армэр къыщыззэрагъэпэщащ

♦1885 гъэм япэ дыдэу уэгум зиІэтащ Можайский Александр ищІа къэхъулъатэм.

♦1900 гъэм Германием къыщызэрагъэпэщащ «Боруссия» футбол клубыр. Ар дуней псом щыпсэ ныбрызехьэ гупхэм ящыщу къалъэтэ: я кІэралым тхуэнэфрэ и чемпион хъуащ, УЕФА-м и Кубокыр 1975, 1979 гъэхэм кІихьащ.

♦1914 гъэм Япэ дунейпсо зауэм щІидзащ.

♦1924 гъэм Бэракъ Плъыжь орденыр къащтащ.

♦1927 гъэм Ленинград областыр къызэрагъэпэщащ.

♦1936 гъэм Германием и къалащхьэ Берлин къыщыІэзІуахащ XI Гъэмахуэ Олимп джэгуэр. Ахэр шыщхьэуІум и 16 пщІондэ екІуэкІащ.

♦1939 гъэм Совет Союзым и Плыжьыжьым и «Дынэ Ваг ъуэ» медалым теуха уна-фэр хъащтащ.

♦1958 гъэм «Іуащхьэмахуэ» журналым и япэ номерыр дунейм къытехьащ.

♦1967 гъэм Бахъсэнрэ Тэрчрэ къалэ хъуащ.

♦КъБАССР-м мэкъумэш Іэнатіэм зыщегъэжьыным хэлъхьэныгъэшхэр хуэзыщІа, Социалист Лэжьыгъэм и Плыхьужь **Бырс Анзор** кьызэралъхурэ ильэси 127-рэ ирокъу.

♦Телевиденэм и диктору щыта, СССР-м и цІыхубз артисткъ **Леонтьевэ Валентинэ** къызэралъхурэ ильэс 96-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакІуэ **Къущхьэ Сулътан** къызэралъхурэ ильэс 89-рэ ирокъу.

♦Критик, зэдзэкІакІуэ, АР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ПъапцІэрыщэ Хъалид** и ныбжьыр ильэс 81-рэ ирокъу.

♦Юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-мрэ Экологиемкіэ, цІыхум и шынагъуэншагъэмрэ щІыуэпсымкІэ дунейпсо академиемрэ я академик, УФ-м щІыхь зиІэ и юрист **Шапсыгъ (КІэкІыхъу) Дамир** и ныбжьыр ильэс 76-рэ ирокъу.

♦Хэкум къэзыгъэззжахэр жылагъуэм хэзгъэжьнымкІэ щадэІэпыкъу унэу Мейкъуапэ дэтым и унафэщІ **Бэрзэдж Убых (Нихьэт)** и ныбжьыр ильэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщецшхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бзаджэр унэхъущ, бзаджэм Іущіэри унэхъущ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Гулъытэ щхьэхуэ зыхуэзщІыпхъэр

Урысей Федерацэм и Генеральнэ прокуратурэм Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэмкІэ и управленэм и унафэщІ юстициэм и 3-нэ класс зиІэ къэрал чэнджэщэгъу Семёнов Александр хэту Къэбэрдей-Балъкъэрым и Прокуратурэм и коллегием и зэІуІщІэм щыхэплъэжащ 2019 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикІуахэм, етІуанэ илъэс ныкъуэм законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэныжьмкІэ зэфІахьыпхъэхэр яубзыхуащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и прокурорым и кьалэнэр зыгъэзащІэ Лаврешин Юрийрэ абы иужькІэ къэпсэльэхэмрэ мазихым зэфІагъэкІар къызэщІакъуэжри, кьыхагъэщхьэхуКІар Урысей Федерацэм и Конституцэм тету цІыхухэм лэжьыгъэмкІэ я хуитныгъэр къахуэгъэсэбэпыным гулъытэ хэха зэрыхуащІыр. Прокуратурэм и лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэу къонэж цІыхухэм, псом хуэмыдэу балигъ мыхъуахэм, пенсионерхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ я социальнэ хуитныгъэхэр хъумэныр, узыншагъэр хъумэным хабзэр кьыщызэгъэпэщыным, цІыхухэм я хуитныгъэхэм тетыным, лъэпкъ проектхэр, нэгъуэщІхэр щыпхагъэкІкІэ.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ бюджет, лэжьыгъэ, псэупІэ, щы, щыуэпсыр хъумэн законодательствэм, кІэрыкубжьэрыхуэхэм елэжьын я лъэныкъуэкІэ щыІэ законодательствэр зрэзэщІэным, хьэрычэтыщІэхэм я хуитныгъэхэр пхыгъэкІыным, щІэпсъажагъэхэм, коррупцэм, экстремизмэм япэщІытныгъэ гъэлъэщыным.

Федеральнэ хабзэхэр зэрагъэзащІэр къыщащпщтэм, къыщІагъэщащ хабзэр 16516-рэ къызэпаудауэ, правовой акт 2370-р хабзэм къемызэгъыу къалъытащ, абыхэм теухуа тхыгъэ 3327-рэ ягъэхьэзыращ, дисциплинарнэ зэрыпым цІыху 2582-рэ, административнэм 885-рэ ирашэлІащ

Сыт щыгъуи хуэдэу прокурорхэм я нэІэ тетщ цІыхухэм лэжьыгъэмкІэ яІэ хуитныгъэр яхъумэным. Абы и лъэныкъуэкІэ зэфІахахэм я фІыгъэкІэ сом 53.202.000-рэ ирагъэпшынащ улахуэмкІэ хьатехуа щІыхуэу.

Сабийхэм я хуитныгъэм къыщхьэщыжьынымкІ, абыхэм я гъащІэр, узынщагъэр хъумэным, щІэныгъэ ирагъэгъуэтыным, сабий зеинщэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зыхуей-зыхуэфІкІэ къыззэгъэпэщынымкІ, балигъ мыхъуахэр кІэлъыплъын ямыІэу къэмыонным, щІэпхъаджагъэм пэІэщІэ ящыным гулъытэ хуащІ. А лэжьыгъэм кърикІуаращи, хабзэр 3350-рэ къызэпаудауэ къыщІагъэщащ.

Федеральнэ хабзэхэр зэрагъэзащІэр къыщащпщтэм къыщІагъэщащэм япкъ иткІэ ипэкІэ щыхэплъэ Іуэхущ Іапіэхэм Іуэху 91-рэ ягъэхьати, абыхэмкІэ уголовнэ Іуэху 75-рэ къызэІуахащ.

ЗэІуІщІэм къызэрыщыхагъэщащи, мы гъэм и япэ мазихым щІэпхъаджагъэ 4055-рэ ятхати, абыхэм я процент 75,1-р сэтей къащІащ. ЩІэпхъаджагъэ хьэлъэрэ хьэлъэ дыдэу ятхащ 1145-рэ, террорым ехьэлауэ - 71-рэ, цІыху укІыным - 21-рэ, хабзэхъуэм Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм я гъащІэмкІэ шынагъуэу 4, наркотик ящэн-къащэхуным пыщІауэ 666-рэ.

Прокурорхэм дисциплинэ жэупым ирашэлІащ къуплікъуащІэ 307-рэ.

Коррупцэм пэщІэтыныжьмкІэ хабзэр ямыгъэзащІэу 1069-рэ къыщІагъэщащ икІи дисциплинэ, административнэ жэупым ирашэлІащ цІыху 466-рэ. Къуплікъушхуэ зыІыгъэхэм я дежи къыщызэпаудащ коррупцэ Іуэхуэхэр икІи прокурор къэпщытэныгъэхэм я тхьилъхэмкІэ къаІэтащ уголовнэ Іуэху 17.

Террор Іуэху ялэжьныир къагъэхъуакъым. Хабзэхъумэ Іэнатіэхэм жыджэру а лэжьыгъэр зэрыраГъэкІуэкІым къриІкІуэ щІэпхъаджагъэ 80 къыщІагъэщащи, 2-р терроризмэм ахъшэ зуэтІыпщыным, 2-р абыхэм ядэлэжьэным ехьэлІащ. Уголовнэ кІэлъыплъныгъэм хиубыдащ Урысейм адэкІэ (Сирием, Иракым) террор Іуэхуэмрэ ІэщэкІэ зэщІэуэзда гупхэр кьызэгъэпэщыныр зэрыпхъэщ 158-рэ. Абыхэм ящыщу 43-р ягъэтІысащ, 136-р дуней псом къыщыІэныхъэу, 19-р зауэ щекІуэкІ щыпІэм ягъэкІуакъым.

Прокурорхэр хэту судхэм щыхэплъащ уголовнэ Іуэху 1507-м.

Прокуратурэм къыщІэрыхьащ лъэІу 6661-рэ, ахэр зыхэплъар 3116-рэ мэхъу, цІыху 588-р арэзы ящІащ. Зыкъызэрыхуагъазэр нэхъыбэу ехьэлІащ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм, балигъ мыхъуахэм, щІым теуха законодательствэр зэрамагъэзащІэм.

Я щхьэ Іуэхукіэ зыкъыхуагъэзащ цІыху 1278-м. Абыхэм ящыщу 574-м яхуэзащ прокурорхэмрэ абыхэм я къуэдзэхэмрэ.

ЗэІуІщІэм кърикІуахэр, Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэмкІэ и управленэм и унафэщІ Семёнов Александр къигъэлъэгъуа ныкъусаныгъэхэри хьихьу, къызэрыкъуэжри, 2019 гъэм законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэныжьмкІэ республикэм и прокурорхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа Іуэхуэхэр къыщыгъэлъэгъуа унафэ къащтащ.

УАРДЭ Жантинэ.

● **КъБР-м щыІэ МВД-м къет**

Дзыхь зыхуищІар къодыгъуэ

Урысей МВД-м и «Прохладненскій» къудамэм и пльыр частым зыхуигъэзащ мы щІыпІэм щыпсэу, илъэс 33-рэ зи ныбжь цІыхухъум. Абы зэрыжиІамкІэ, зэрысмаджэм къыхэкІыу, къикІухьынымкІ къытехьэлъэрти и цІыхугъэм елъэІуащ и банк картэмкІэ ахъшэ къыхурихыну. Зэман гуэр дэкІри, и картэм ильа сом 127 000-р икІуэдыкІауэ къыщІэкІащ.

КЪУДАМЭМ и УР-м и лэжьакІуэхэм, участковэ уполномоченнэхэм ящыІыгуу яубыдащ шэч зыхуащІар. Нэхъапэм сый зытращІыхьа, Екатериноградскэ станицэм щыпсэу, илъэс 23-рэ хуэ щІалэм илэжьамкІэ зиумысыжащ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтыну унафэ къащтащ.

Наркотикхэр къытрах

Урысей МВД-м и «Баксанский» къудамэм и лэжьакІуэхэм 2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м Бахъсэн къалэм щаубыдащ щІыпІэм щыпсэу цІыхухъур. Абы иІыгъ мэ гуащІэ къызыхих къэкІыгъэхэкІ зэрылъ пакет. Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, къытрахар грамм 259,2-рэ хъу «марихуанэ» наркотикхэкІщ.

ЯУБЫДАР нэхъапэми суд зытращІыхьа, ПсыкІэху щыщ ильэс 62-рэ си ныбжь цІыхухъущ. Абы зэрыжиІамкІэ, езыр-езыру къэкІ щІэпыр зэхуихьэсат и щхьэкІэ къигъэсэбэпыну.

А махуэ дыдэм къудамэм и ДПС-м и инспектор «Прохладнэ - Бахъсэн - Іуащхьэмахуэ» автогъуэгум къалэныр щезыхьэхіхэм гу лъатащ пакет зыІыГ цІыхухъум. ГИБДД-м и инспекторхэм пакетым къарагъэтащ мэ гуащІэ къызыхих къэкІыгъэхэкІ. Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, ар грамм 147,6-рэ хъу «марихуанэ» наркотикхэкІщ.

Уголовнэ Іуэхухэр къаІэтащ.

ТІум нэхъапэми суд тращІыхьат

Урысей МВД-м Лэскэн районымкІэ и къудамэм и УР-м и лэжьакІуэхэм 2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м Уэрэдж къуажэм и гъунэм щаубыдащ щыпІэм щыпсэу цІыхухъущ. тІур нэхъапэми суд зытращІыхьат. Абыхэм яІыгъ мэ гуащІэ къызыхих къэкІыгъэхэкІ пкъыгъуэхэр зэрылъ полимер пакет.

ЭКСПЕРТИЗЭМ къызэригъэлъэгъуамкІэ, къытрахар грамм 415,7-рэ хъу «марихуанэ» наркотикхэкІщ.

Шэч зыхуащІэхэм ятеуха уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

Зыгъэхьэзырар **ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэщ.**

Драматургэ цІэрыІуэ Акъсырэ Залымхъан къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу

Дуней псом щыщІэрыІуэ урыс драматург Островский А. Н. папщІэ урыс тхакІуэшхуэ Гончаров И. А. жиІэгъэуэ щыташ мыпхуэдэу: «Литературэм уэ ухуэпсаш библиотекэ псокІэ. Сценэм уэ кьыхуэбгъэщІащ зыми емыщхь дуней тельыджэ. Уэ пхуэзэфІэкІащ Фонвизин, Грибоедов, Гоголь сымэ зи лъабжьэр ягъэтІылъа Театр унэр и кІэм зэбгъэсын. Ауэ уэ зи закъуэращ зи фІыщІэр дэ, урысхэм, ди лъэпкъ театр диІэ зэрыхъуар. Абы «Островскэм и театр» фІэщын зэрыхуейр ухэкъщ». Ардыдэр хужьпІэ хъунущ ди лъэпкъым къыхэкІа, дыззрыгушхуэ Акъсырэ Залымхъан. Пхуэмыйуэтэныж хуэдизш абы ди лъэпкъ гъуэзджэм хуищІа хэлъхьэныгьэр.

АКЪСЫРЭ Залымхъан Алий и къуэр 1919 гъэм накъыгъэм и 15-м Жанхьэтхэблэ (Псыгуэнсу) кІуэжьэжьым кьыщалъхуащ. Курыт еджапІэр кьиуха нэужь, ар щІэтІысхьащ Налшык дэт медицинэ училищэм, ауэ зы гъэ еджэгъэ нэхъ дэмыкІауэ кьыщІэкІыжри, зы илъэскІэ педучилищэм щеджащ. НатІэм кьритхэр лъэм и гъуэгу мэхъу жьыхуаІэу, щІалэщІэм и гур зыхуэпабгъэр нэгъуэщІи, ар щІэтІысхьащ Налшык кьыщызэрэпэщІа театр студием, зыщІэхьэпс артист Іэщащагъэм зыхуигъэсэну. Илъэсипщым щигъэкІэ Залымхъан Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал драмэ театрым и адыгэ гупым джэгуакІуэу хэтащ. Театрым нэмыщІ, абы нэгъуэщІ Іэнатіэхэми кьулыкъу щигъэзэщІащ. Ар щыташ «Къэбэрдей пэж» газетым и литературэ лэжьакІуэу, «Ленин нур» щэрджэс газетым и корреспондент, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и мэкъумэш редакцэм и корреспонденту, музыкэ редакцэм и режиссеру. Сыт хуэдэ Іуэху пщэрылъ щамыщІами, Акъсырэм игупэ и псэрэ етауэ зэфІигъэкІащ. Псом я щхьэращи, дуней тетыху Залымхъан зэи тхэныр Іэщыб ищІакым. 1947 гъэм кьыщыщІэдзауэ ар хэтащ СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым.



1940 - 1970 гъэхэм ди республикэм и тхакІуэхэм ящыщу пьесэ тхыным нэхъ хуэІэкІуэлъакІуэр Акъсырэ Залымхъант. Абы адыгэ лъэпкъым и тхыдэр ищІэрт, зэрыт зэманым декІурт, къэкІуэну лъэхъэнэм егупсысырт. ГъащІэм кьыщыхьу-кьыщыщІэхэм нэ жанкІэ пхрыплпъфэ драматургыу зэрыщытам и щыхьэтщ абы и Іэдакъэ кьыщІэкІа пьесэ хьэлэмэтхэр. Аэр лъабжьэ зыхуэхъуа спектаклхэр Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и репертуарым и джэлэсу илъэс щэ ныкъуэм щІигъукІэ екІуэжащ.

Лъэпкъ тхыдэмрэ ІуэрыІуатэмрэ фІы дыдэу зыщІэ драматургым ар сыт щыгъуи и щІэгъэкъуэн лъэщт. Абы и щапхъэщ «Дахэнагъуэ», «Лашын», «Кьызбрун», «ИстамбылакІуэ», «Іэдииху», «Андемыркъан», «Гущцэм и чэщанэ», «Цьхьэхуеуэ пшынэ», «Хьымсад» пьесэхэр. Я цІэ кьудеймкІэ абыхэм кьуэгъащІэ зытеухуар, кьыщалэт Іуэхугъуэхэр, гупсысэ нэхъыщхьэу кьаІуатэхэр. Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм кьадекІуэжІа таурыхъэхэм, псысхэм, хьэбарыжьхэм, Іуэтэжьэм, драматургием хуэІэижь тхакІуэм и фІыщІэкІэ литературэ фащэ дахэр ягъэзури, театр утыкум кьихьат.

Ди нобэрей зэманым и нэщэнэхэр зыхэплъагъуэ пьесэхэри иІэщ Акъсырэм. Апхуэдэхэщ «Гъавэ», «Дыгъэр кьыщыщІэкІым», «Дахэлинэ и пщІыхьэпІэ», «ФІыгъуэрэ мыгъуэрэ», «Зэрэт гъуэкъым», «Хэт зи ягъэр?», «КъэхутакІуэ», «МафІэм хисхьа лъагъуныгъэ», «Нысашэр жыг хадэм», нэгъуэщІхэри. Художественнэ къару лъэщкІэ гъэнщІат, адыгэ усыгъэ нэсым и жыпхъэм итт Акъсырэм и пьесэхэр.

Адыгэ драматургием и фІыпІэкъым ящыщу «Дахэнагъуэ» пьесэр. СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым и драмэ кьудамэм и жэрдэмкІэ ар урысыбзэкІэ зэридзэкІауэ щытащ усакІуэ Александр Пушкиным (сатырхэр урысыбзэкІэ зэзыдзэкІар КІэрашэ Темботт). 1948 гъэм Дахэнагъуэр урысыбзэкІэ дунейм кьыхэрьтехьэу, Залымхъан и цІэр къэрал псом щыІуащ. Пьесэр апхуэдизкІэ цІэрыІуэ хъуати, лъэпкъ кьудым я бзэкІэ зэрадзэкІри я театрхэм щагъэуват. Ди хэкум кьыщымынэу, «Дахэнагъуэр» щагъэуващ Инджылызым, Болгариеми, нэгъуэщІ хамэ къэрал зыбжанэм. Езы Акъсырэри и пьесэм и фІыгъэкІэ Горький Максим и цІэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым щІэтІысхьауэ щытащ.

ТАУРЫХЪЫМРЭ шыпсэмрэ кьыгъэсэбэпуэрэ, Залымхъан итхащ пэжыр, цІыхугъэр, лІыгъэр зыгъафІэ, зыгъэдахэ, зыгъэпІэ пьесэ гъуэгуанэм. Адыгэ театрми нэгъуэщІ утыкухэми Дахэнагъуэр щыІэлъэгъуауэ ар гуимыхуэ зыщымыхъуа гъуэтыгъуейщ. Сэ ящэ дыдэу ди лъэпкъ театрым си дзлъху Лъостэнбэч сыщишам, сызэпІльауэ щытар «Дахэнагъуэрт». Псы Іэджэ ежэхащ абы лъандэрэ, ауэ нобэр кьыздэсым си сабиигъуэм и таурыхъ лъахэу кьэнащ а махуэ телъыджэр. Иджыпсту сльагъу хуэдэу кьысщохьу Дахэнагъуэрэ Джэримэсрэ я ролхэр ягъэзащІэу Сибэч Быхуэрэ Токъуий Хьусэнрэ утыкум зэритар. А тІур апхуэдизкІэ зэкІужт, дахэт, щэнфІэт, щыпкъэти, я тепльэмрэ я зыІыгъыкІэмрэ удамыхьэхынкІэ Іэмал иІэтэкъым.

Пьесэхэм кьадэкІуэу, тхакІуэм и кьалэмпІэм кьыщІэкІащ нэгъуэщІ тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэри. СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат КІэрашэ Тембот щыгъуу Акъсырэ Залымхъан адыгэ ІуэрыІуатэр зэхуэхьэсыным кІэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ икІи Къэбэрдей тхыль тедзапІэм кьыщыдигъэкІауэ щытащ адыгэ таурыхъэр зэрыт тхылъ хьэлэмэтыр. Егъэлеяуэ щІэрыІуэу, цІыхубэ уэрэд хъужьауэ, щІэхщІэхьуРэ радиокІэ кьэту щытащ абы и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэр.

Акъсырэ Залымхъан ныбжьэринэкІа гъуэгуанэм урипльэкмэ, нэрылъагъу мэхъу ар гъащІэр зэдзэощІа, игъэфІа цІыхуу зэрыщымытар. АтІэми, Залымхъан гъуэрыдзэ ищІу зэи къздзэкхъым. КъыхьэхкІа пльэкъым и пщІэмрэ и нэмысымрэ зыІыгъа адыгэлІ нэсу дунейм тетащ, анэдэлъхубзэр усэ кьару мыкІуэщІкІэ игъэбзэрабзэу. Ди лъэпкъ щэнхабзэм, театр гъуэзджэм, литературэм заужьыным куэд зэхуэлэжьа, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Акъсырэ Залымхъан и цІэр дунейпсо тхакІуэ цІэрыІуэхэм ябгъэдэбгъэувэнкІэ егъэлеяуэ кьэпльэтэ хъунукъым. Абы и щыхьэтщ Залымхъан и литературэ щІэиныр.

ЩАКІУЭ Марьянэ,
Щоджэнцыкіу Алий и музэйм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я кандидат.

Гъуэзджэм и цІыху

Дэфтэрхэм къаІуатэ

Цыхуухэр зыщыгуфІыкІа тхыгъэ хьэлэмэт Къэсырэ Залымхъан и къэлэмым къыщІэкІащ. Аэр адыгэ щэнхабзэм и дыщэ гъэтІылъыгъэщ, ди лъэпкъ литературэмрэ гъуэзджэмрэ ипэкІэ зыгъэбэкъуа, зезыгъэужьа лэжьакІуэш-хуэщ.

ДИ КЪЭРАЛ архивым 2005 гъэм кьыІэрыхьащ Акъсырэм и гъащІэм, и лэжьыгъэм теухуа тхылъымпІэу 100-м щигъу. Абыхэм хэлъщ драматургым и «Дахэнагъуэ», «Сабий джан» поэмэхэр, «Іэдииху», «Іей мыхъу фІы хъужрэ», «Гъуэгу махуэ!» пьесэхэр, «Мадинэрэ Маринэрэ ныжабэ ящэ» макъамэ комедиер, «Полэрэ ПІалэ-рэ» уэрэдыр, Геккиев Мухьэмэт балъкъэрыбзэкІэ зэридзэкІа «Дахэнагъуэ» поэмэр, Акъсырэм и тхыгъэхэр зытет газетэхэмрэ журналхэмрэ, нэгъуэщІхэри. Фондым кьызэщІеубыдэ Пэрэныкъуэ Мурат, Къардэнгъущ Зырамыку, КІэрашэ Тембот, Балъкъэр Фоусэт, Тхьэгъэзит Зубер сымэ, нэгъуэщІхэми Акъсырэм тыгъэ хуащІа тхылъхэр, абыхэм кьабгъэдэкІ псалъэ гуапэхэр тету.

«Акъсырэм и дэфтэрхэр» Іыхьэм хохьэ тхакІуэм и Іэкіэ итхыжка биографиер, и воениэ билетыр, Дохъущыкъуэй кьуаэжм дэт ЩэнхабзэмкІэ унэм и унафэщІу Акъсырэр зэрагъэувамкІэ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым Іэ зыщІидза унафэр, Акъсырэм и Іэдакъэщ Іэкіэхэр кьыдагъэкІыным зэрыщІэльэу тхыгъэхэр, абыхэм япкъ иткІэ зэращІыІа зэгурыІуэныгъэхэр, «Іэдииху», «Дахэнагъуэ» «Андемыркъан» пьесэхэмкІэ ягъэува спектаклхэм я афишэхэр, нэгъуэщІхэри.

Акъсырэ Залымхъан фІыуэ ялъагъуу, адыгэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ хилъха и гуащІэм пщІэшхуэ хэлъщу зэрыщытар кьагъэльагъуэ абы и ныбжьыр илъэс 50, 60, 70 щрикъуэхэм ирихьэлІэу кьыхуагъэхьа хьэзэху тхыгъэу фондым хэлъхэм.

Апхуэдэуи ди Іуэхущ Іанэм щыдохьмэ Акъсырэм и гъащІэм, и гуащІэм теухуауэ газетхэм, журналхэм, тхылъхэм абы и ныбжьэгъуэхэм, тхакІуэхэм традза тхыгъэ куэд, и Іыхьлыхэм я документхэр, сурэт зэмылІэужьыгъуэхэр.

КъБАССР-м гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Мыд Хьэжмусэ архивым щыІэ и фондым хэлъщ 1946 гъэм режиссёр Щхьэгъэпсо Мухьэмэд Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щигъэува «Дахэнагъуэ» макъамэ таурыхъым и программэр, абы щыджэгуа артистхэм я сурэт тІощІрэ плІырэ. Абыхэм ящыщщ ятІэ дыдэу Дахэнагъуэ джэгуа Щынахъуэ Мэржан и сурэтыр.

Акъсырэм и «Дахэнагъуэ» пьесэр Москва дэт «Искусство» тхылъ тедзапІэм урысыбзэкІэ 1948 гъэм кьыщыдэкІауэ щытащ. Абы щыгуфІыкІахэм Мыд Хьэжмусэ зэрацыщым щыхьэт тохъуэ и фондым хэлъ письмор. «Ленинград кьыщысщэхуащ уи «Дахэнагъуэ» пьесэр, - кьыхуитхырт абы Акъсырэм. - Мыбы дэт щэнхабзэ центрхэм ящыщ зыми абы щытепсэлъыхьащ. Тхылъ щапІэм щІэлъу, сыщылажьэ Театр институтым тхылъыщІэ кьыдэкІаХэр щагъэльагъуэ дапхъэм тельу щысІольагъуэм сэ сьэзэрыгуфІар пхужьмыІэным хуэдизщ. ТхылъыщІэхэр кьызытраЛъхьа дапхъэм си цІыхугъэхэр бгъэдэсшэурэ ар езгъэльагъурт, «мыр ди пьесэщ» яжеСэурэ, зызгъэщІагъэрт. Уи нэгу кьыпхуущІэгъэхьэрэ ди адыгэ лъэпкъым кьыхэкІа уи Іэдакъэщ Іэкіэм урыс цІыхубэм деж пщІэ зэрыщигъуэтар?! Гоголь, Островский, Толстой, Чехов, Горький, Маяковский сымэ зэрытха бзэмкІэ тхыгъэр кьызэрыдэкІам щигъэфІыкІыр уи закъуэкъым, ар ди лъэпкъыр зыгъэин Іуэхугъуэщ, псоми ди щхьэр лъагэу дэзыгъэльагъуэщ!»

Залымхъан и пьесэ пщыкІуплІым кьытращІыкІа спектаклхэр Къэбэрдей къэрал драмэ театрми, нэгъуэщІхэми щагъэуващ. Республикэм и театр гъуэзджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфэ зэрыхуищІар къалъытэу, 1967 гъэм Акъсырэм кьыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр (фондым хэлъщ абы щыхьэт текъуэ тхылъымпІэр). 1957 гъэм абы кьыхуагъэфащащ «ЩІыхь Дамыгъэ» орденыр, «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941 - 1945 гг.», «За трудовую доблесть» (1946) медалхэр.

КЪУМЫКЪУ Людмилэ,
КъБР-м и Къэрал архивым дэфтэрхэр къэгъэсэбэпынымкІэ и кьудамэм и унафэщІу щыта.

Щынахъуэ Мэржан Дахэнагъуэр мэджэгу. *1946 гъэ*

АдыгэлІ щэджащэ

«Цыхуум и уасэр и лэжьыгъэри». - жаІащ ди япэ ита лІы Іущхэм. Дунейм ущытетым пхуэзэфІэкІа лэжьыгъэфІэкрщ уи фэеплъу къэнэнур. ІэужьыфІ уи щІэблэм кьыхуэзбжэкІамэ, абы фІыкІэ игу укъэкІыжынщ, «къытхуэлэжьат» жаІэнщи, ахъумэ «ПІастэгъэф уафэгъэльагъуэу» дунейм утетамэ, улІэжкІэ зыми укъыфІэІуэхунукъым.

ЛЪЭПКЪЫМ кьыхэкІа цІыху щэджащэкэр дунейм ехыжа нэужь, абы кьыщІэна лэжьыгъэшхуэм и щІэблэр щІимыпІыкІмэ, абыкІэ гъэсэныгъэ иримытмэ, блэкІар ардыдэмкІи зыщигъэгъупщэжмэ, ар лъэпкъ узынщэ хьункІэ Іэмал иІэжьым, абы щыгъуэ лъэпкъым и кьэкІуэнур щІагъуэкъым. Дэ нобэ Акъсырэ Залымхъан фІыкІэ дигу кьыщІэкІыжьын лэжьыгъэшхуэ щІэблэм кьыхуэзэринэжІащ. Абы и тхыгъэхэр еджапІэхэм щадж, радиокІэ, телевидэнэкІэ кьат. «Дахэнагъуэ» пьесэм кьытращІыкІа спектаклыр илъэс 50-м щІигъуауэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и утыкум итащ.

Акъсырэ Залымхъан Алий и кьуэм и ныбжьыр илъэс 76-м ит 1995 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 19-м дунейм ехыжащ. А лІы щэджащэм и цІэр зэи адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм, драматургием фагъуэ щыхьунукъым.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку,
КъБР-м и цІыхубэ артист, тхакІуэ. 1999 гъэ

Апхуэдэхэр зырызщ

Адэ ижь-ижьыж лъэхъэнэ жьыкъэм кьыщежьауэ мифологием и хабзэм тету псыхьа адыгэ хъыбарыжьхэм драмэ кьытепщІыкІыфыныр зыхуэзфІэкІынкІэ хъунур зырызыхэт. Ар пхуэзфІэкІыпи папщІэ гениеу ущытынир зи хуэІуакъым.

«ДАУИ, псалъэм и художник нэгъэсам и Іэзагъ уиІэн хуейт, - щитхыгъуэ щыта Пабединиий Юрий «Искусство» тхылъ тедзапІэм 1957 гъэм кьыщыдэкІауэ щыта «Советская кабардинская драматургия» тхылъым и пэублэ псальэм, - лъэпкъ эпосым и хъыбарыжь дыдэр, уафэр щымыджэмыпІуэу щыльэр щызэпцІагъащІэм кьыщежьэу ди нобэм кьахъэсыфа мифыр, драмэ сюжетым кьиубгъэтІасэу, ибгъэзагъэу апхуэдэу усэбзэ жанкІэ, усэ лъэщкІэ кьэпІуэтэжьи, мы таурыхъ дахэр лъагэу зыІэтыфІи хуэдэ дамэ тету птхын папщІэ».

Либединскэм зи гугъу ищІыр Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэрт. Ауэ мыбы хужиІа псалъэхэр, зыкІи укъхъэмыщтыкІыу, Іуэрыйуатэм щыщ «Щхьэхуеуэ пшынэ» зыфІища драмэ поэмэм хуэпхъхьунуц, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, зытехуэакІи кьаІуатэ гупсысэкІи зэгъунэгъуэщи. ТІури зытеухуар цІыхубэр насыпифІэ щІыныращ.

Адыгэ литературэм зэпымычу зиужьыкІи, лъэныкъуэ псомкІи зиубгъун, лъагэу зиІэтын папщІэ зи нэІэ кьыттезыгъэту щыта урыс тхакІуэ Либединскэр «Дахэнагъуэ»-м зэрытха бзэмкІэ емыджарэ пэт, гу лъитащ ар зи Іэдакъэщ Іэкіэм усыгъэ и лъэныкъуэкІэ Іззагъыщхэу зэрыбгъэдэлъам. «Дахэнагъуэ» пьесэмкІэ, ар зытхами, спектаклу зыгъэувами икІуэкІэ щытхъушхуэ кьахьащ. Абы ди литературэр зи ІэІуасэ псори фІыуэ щыгъуазэщи, къытедгъэзэжьмкІэ. Сэ кьыслъыстэу 1965 гъэм ди щІэныгъэ къэхутакІуэ институтым кьыдигъэкІа «Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр» тхылъым ихуауэ щыта «Къэбэрдей драматургиер Хэку - зауэшхуэм ирыкІэ» (1945 - 1962 гг.гъ.) тхыгъэм зэрысхуэзфІэкІкІэ Акъсырэ Залымхъан сыщытепсэлъыхьащ.

Гугъут, икъукІэ гугъут лъабжьэфІэр узыщыгугъ хуэм гъэтІылъыгъэрэ уимыІэу упсэуну, уи бын, уи щхьэ уплІыжьну, цІыхум уахэтыну. Мис апхуэдэ гугъуехьым псэухуэкІэ бгъэдэтащ Акъсырэ Залымхъан. Мис аращ абы щІэныгъэм, еджэным и насыпэ щІыхьэмылъар, Горькэм и цІэр зэрихьэу Мэзкуу дэт Литературэ институтым гъэкІа «Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр» тхылъым ихуауэ щыта «Къэбэрдей драматургиер Хэку - зауэшхуэм ирыкІэ» (1945 - 1962 гъ.гъ.) тхыгъэм зэрысхуэзфІэкІкІэ Акъсырэ Залымхъан сыщытепсэлъыхьащ.

Гугъут, ибгъэзагъэ щІыныр, ар щІэныгъэм, ар щІэныгъэ зэрыщІэсар хьэумыбжэмэ. Зи гугъу ящІы еджапІэ нэхъыщхьэр зи жэрдэмкІэ кьызэІуаха, абы и япэ ректору щыта усакІуэ-щІэныгъэлІ Брюсов Валерий и жыІауэ, ухуеджэ кьудеикІэ тхакІуэ е усакІуэ ухъунукъым, кьыбдалъхуауэ пхэмыльымэ. Ар, щэч зыхэмыльыжрауэ, хэт и дежкІи ухэкъыу си гугъэщ. Акъсырэ Залымхъан кьыдалъхуауэ зэчий Іупщі иІэти, ешым и гурыгъуэзэкІэ гъащІэм деж щеджэ зэпыт. Горький Максим ешхьу, Залымхъан зыщеджари кьиухари гъащІэ университетырщ. Зыхалъхуа адыгэ лъэпкъым и тхыдэр ищІэрт, зэрыт зэманым декІурт, кьэкІуэну гугъэхэм егупсысырт.

СымыщІэрэ сызыщымыгъуазэрэ стхыркъым. Ар щэч кьызытехьэ мыхъун пэжщи, фи фІэщ фщІымэ си гуапэщ. Араущи, сэ Залымхъан си ныбжьэгъуащ схужьІэнжькъым. Фіуэ дызэнэІуасэт, ди псэр зы чысэм илъу дызэдэлажьэрт, ди литературэмрэ ди театрымрэ фІыуэ тлъагъурт. Абы теухуауэ жэщи махуи дыпсэлъэфынут.

Залымхъан жьэнахуэт, цІыху щыпкъэт, щабэт. Дахэр фІыуэ илъагъурт.

Арауи кьыщІэкІынущ насыпым и образыр зэм хабдзэ зытетым и нэхъ дахэу, уеплъынкІэ уи нэр щыщыжьлу, утеплъамэ - хьэщыкъ ухуэхъурэ уитхьэкъуу пщащІ тхьэІухуду щІыдигъэльагъур, зэми, Ашэмэз и бжьамий кІэхуи епщам хуэдэу, дунейр щхьэщІэкІым зэщІищтауэ щІым пэрыхьэту фІыгъуэр щызыІэт ЩхьэхуеуэІо пшынэ гъащІэр дахэ хъуным хуэпабгъэ лІыхъужь образу ди нэгу кьыщІыгъэхьэ.

Дэ, адыгэхэм, лъэпкъ хьэл мыхъумыщІэ дыдэу тхэлъхэм ящыщ зыщ зэчий зыбгъэдэлъ цІыхум псэуху хуэфащэ пщІэ зэрыхуэдмыщІыр. Ар кьыщыхэкІыр, си гугъэмкІэ, фыгъуэ-ижь зыхэлъ цІыху куэд творческэ лэжьакІуэхэм зэрахэтырщ. Мис апхуэдэу, псалъэм папщІэ, гулъытэ лъэпкъ хуамыщІу я гъащІэр мыгъуэу ирыгагъэхьакІащ КІуащ БетІалрэ Акъсырэ Залымхъанрэ.

Сыт иджы абыхэм фІы яхужьпІэжкІэ и мыхьэнэр? ЦІыхуэхэм ящІэн хуей кьудейуэ ящ кьэнэжьыр.

КІУРАШЫН БетІал,
тхакІуэ, критик. 1999 гъэ

НапэкъуэцІыр зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Экономикэ Политикэ
Махуэкъ
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Сабий ахъшэм хохъуэ

● Унафэ

УФ-м Лэжьыгъэмкіэ и министерствэм къыщабжаш цІыхухъ псэун щхьэкІэ я нэхъ мащІэу иІан хуейм мы гъэм и етІуанэ мазищым хэхъуар зыхуэдизыр. Къапщтэмэ, сабийхэм хуагъэбелджылар проценти 4-кІэ хэхъуащ (сом 11004-рэ), пенсэм щыхсэм тещІыхьар проценти 3,8-кІэ (сом 9236-рэ), цІыхур щылэжьэф ныбжьым итхэр я нэхъ мащІэу зыхуейр проценти 4,1-кІэ хэхъуэри сом 12130-м нэсащ. Ику иту къапщтэмэ, къэралым ис цІыхум псэун щхьэкІэ я нэхъ мащІэ дыдэу иІэн хуей ахъшэр сом 11185-рэ хъуащ къегъэлъагъуэ зи гугъу тщІы министерствэм.

А мащІэри щыхагъэхъуар газ, уэздыгъэ, ерыскъы, нэгуэщІ куэдми я уасэр дэуеяти аращ.

Лэжьыгъэмкіэ министерствэм игъэхъэзыра унафэр гъкІмэ, 2020 гъэм улахуэм я нэхъ мащІэр (МРОТ-р) сом 12130-м нэсын хуейщ, мы гъэм ар сом 11280-рэ хъууэ аращ (сом мин иримыкъу хохъуэ).

ИльэситІ и пэкІэ зэкІэщІыкІэу щытаскъым упсэун щхьэкІэ я нэхъ мащІэу узыхуеину ягъэбелджылымрэ МРОТ-мрэ. Иджы хабзэу ягъэуващ а тІур зэхуэдизныр. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зэхущытыкІэхэмкІэ академием и проректор Сафонов Александр жеІэ ди къэралым дежкІэ ар ехъулІэныгъэу, ауэ илэкІэ кІуэтэн хуейуэ. Абы къелІыытэ 90 гъэхэм «прожиточный минимум» фІащу цІыхухэм ирату яублар гъэкІуэдыжауэ, цІыхум хущхьэм шхыным, хьэпшыпым, хуэІухуэщІэхэм щІитым тещІыхьауэ МРОТ-м хэгъэхъуэн хуейуэ. Ар апхуэдэу ящІмэ, МРОТ-р процент 50-кІэ хэхъуэнущ, а сом бжьыгъэращ цІыхур псэуфын щхьэкІэ я нэхъ мащІэу зыхуейм техуэри.

ФщІэн папщІэ. Унагъуэм и хэхъуэр абы исхэм щІыналъэм щат «прожиточный минимум» жьауэІэр тегъэщауэ тІурытІ яуэмыхъумэ, илэ, етІуанэ сабий къахэхъуам папщІэ ильэсищ хьуху иратынущ пособие. Правительствэр арэзы техъуащ 2020 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ а пособиер унагъуэр щыпсэу щІыналъэм сабийр я нэхъ мащІэу зыхуеину щагъэбелджылам хуэдизныбэм. НэгъуэщІу жыпІэмэ, ди къэралым ику иту ар сом мини 10-м тІэкІу щІигъуу щыхъунущи, анэр сабийр илъэсищ ныбжьым нэсыху бгъэдэсныжмкІэ щІэтэхъэнущ.

Ильэс етхуанэ хъуауэ хощ къалъхум я бжьыгъэм. Абы къыхэкІыу Къэрал Думэмрэ Правительствэмрэ мы ІэхъущІэр къыхалъхьащ унагъуэм зыщІагъэхъуэн, сабий нэхъыбэ яІэным трагъэгушхуэн мурадкІэ.

● Ерыскъы лъапІэхэр

Жьыуэпсым къэхьэуэм дыхигъэкІыжыну?

**ЩІэныгъэлІхэр мэгуэавэ: куэд иІэжкъым къэхьэуэр (кофе) зэпэубыда, уеблэмэ гъэтыгъуей хъуным. Іуэхур зытетращи, Щіым хуабэм зэрызыщиубгъум и зэранкІэ, 2050 гъэм ирихьэлІэу хуэдитІкІэ нэхъ мащІэ хъунущ къэхьэуэ къыщагъакІ щІыр. нэхъ Іеижращи, 2080 гъэхэм ар кІуэдыжьыпэнкІэ хъунущ. Абы и щыхьэту щІэныгъэлІхэм Танзаниер къагъэлъагъуэ икІи жаІэ къэхьэуэ нэхъыбэу зыщэхэм ящыщ мы къэралым а къэкІыгъэм и бэвагъым хуэдитКІэ щыкІэрыхуауэ иужьрей илъэс 50-м къриубыду.

ШЕЙМ теухуауи дигу зыгъэфІын къыджаІэркъым. Шей тэмэм тыкуэнхэм куэд щІауэ зэрыщамыщэжьмкІи гурыІуэгъуэщ ар зэпэубыда, шеифІыр егъэлеяуэ лъапІэ зэрыхъуар. Дэ нэхъ тпэгъунэгъу дыдэу шейм щелэжьыр Адыгеираци, 90 гъэхэм хагъэкІуэдэжа хьэсэхэр ерагъыу къагъэщІэрэщІэжу аращ. Сочэ и Хьуэст, Мацестэ, Дыгъэмыс щІыпІэхэм щагъэкІ шейр фІыщ, ауэ тыкуэнхэм къызэрыщІалъхьэу зэбграхри, езы Краснодар крайм и хьэщІэщ, зыгъэпсэхупІэ куэдыкІейм я шхапІэхэм а щІыпІэм щагъэкІа шей ущезыгъэфэфыну яхэтыр мащІэ дыдэщ.

Хуабэр щІыІэм текІуэ, жьыуэпсым (климатым) щІэгъэхуэбжьауэ зихъуэж зэрызэуам егъэтхъуэсыхэ виски, коньяк зыщІэхри. Псальэм папщІэ, дыгъэ фІыуэ зыгъуэт жьыумыр Іэфыщэ мэхъури, коньяк къахэхэщІыкІыжыркъым. А фадэр зыщІхэм жьыум лІэужьыгъуэщІэхэр къагъэкІыным гъэ къэс мыльку хуэхъэ трагъэкІуадэ.

Виски зыщІхэм яхуримыкъур узэфэ хъун псы къабзэщ. Ар мащІэ зэрыхъуари хуабэращ зи зэранкІ. Къапщтэмэ, щІэныгъэлІхэм жаІэ: Британием гъэмахуэр узгъу зэрыщІыхъунум и нэщэнхэр 30 хуэдизынкІэ хэхъуауэщ.

Хуабэм игъэмэщІэнущ шоколадри, ар къызэпыкІэ какао жыгым дыгъэр ифІэфІми. Іэщ Іагъэлъхэм зэрыжаІэмкІэ, жьыуэпсым зэрызихъуэжращ а жыгым зэран хэхъуэр, зэм уэлбанэрилэу, зэми а щІыпІэр зэмыса щІыІэ къахуэжІыу. Иужьрей къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, ильэсипщІ хуэдизи дэкІыжмэ, фейдэ иІэжьнукъым какао жыг бгъэкІыным. Араци, африкэ, индонезие фермерхэм пальмэ дагъэмрэ каучукымрэ зрат хъуащ.

● Футбол

«Спартак-Налшыкыр» адэкІэ мэкІуатэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр къэхьыным теухуауэ 2019 - 2020 гъэхэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм щэбэт кІуам щІидзащ. Финалым и 1/128-нэ Іыхьэм «Спартак-Налшыкыр» Осетие Ищхъэрэ - Аланием и къалащхьэм щыІущІат абы и «Спартак-Владикавказ»-м.

«СПАРТАК-Налшыкым» и тренерэм мы зэІущІэм щагъэунэхуну мурад ящІащ адрейхэм куэдрэ щамыгъэджэгу ІкІэщІэхэр. Къапщтэмэ, гъуэм дагъэуващ Къумыкъу Аслъэнбэч. КъищынэмыщІауэ, иджыри щІалитху гуп нэхъыщхьэм хэту япэ дыдэу джэгупІэ губгъуэм кърагъэхьащ. Абы щхьэкІэ къэмынэу, налшыкдэсхэм я къалэныр ягъэзэщІащ икІи «Спартак-Владикавказ»-р и стадионым щыхэгъащІэри, Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр къэхьаныкІэ зэхьэзэхуэм адэкІэ щыкІуэтащ.

Владикавказ и «Спартак» стадионым щэбэт кІуам щекІуэкІа зэІущІэр ди щІалэхэм я тепщэныгъэкІэ къыщІидзащ икІи епщыкІуэнэ дакъикъэм Ашу Мурад «Спартак-Налшыкыр» япэ иригъэщащ. Пэжщ, куэд дэмыкІыу бжьыгъэр зэхуэдэ хъужащ: Къумыкъум къригъэгъэзэ топым япэу нэса Гатиковевым гъэр хигъэщІащ.

Загъэпсэхуу къыхьэжа иужькІи налшыкдэсхэр нэхъыфІащ. Абыхэм я ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэм ящыщ зыр хэгъэрейхэм хабзэр къызэпауду фІэкІа зэтраІыгъэфащкъым. Пенальти! Ар Іэзэу игъэзэщІащ Шаваев Магомед икІи аргуэру «Спартак-Налшыкыр» япэ иригъэщыжащ.

Ди щІалэхэм я текІуэныгъэкІэ зэІущІэр иухыным Іуэхур хуэкІуэрт. Арщхьэкіэ, судьям джэгум къыщІигъуа дакъикъэхэр и кІэм нэблигъэпаэ, «Спартак-Владикавказ»-м бжьыгъэр зэхуэдэ ищІыну хуэхьэІэкІащ.

Кубокым ехьэлІа зэІущІэхэм зэрытемыгъэкІуэныгъэ щыІэ хъунутэкъыми, аргуэру сыхьэт ныкъуэ джэгум къыщІагъуащ. Абы къриубыдзу налшыкдэсхэр къыхэжаныкІат, арщхьэкІэ ар апхуэдизу псынщІэу къэхъуати, судьяхэм гу лъатакъым топыр гъуэм дыхьэу къызэрыдэкІыжам.

Арати, текІуэныр зэхэзыгъэкІар зэІущІэ нэужь пенальтихэращ. Япэ еуэну къызыІутыса хэгъэрейхэм ящыщ Гатиковеым «Спартак-Владикавказ»-р япэ иригъэщащ. Ольмезовым абы хуэфэщэн жуэап иритащ. Базаевым аргуэру топ къыщыхудигъэкІым, Іэпщацэри метр пщыкІуэным и деж щыту къыхэжаныкІаш. Закаевым бжьыгъэр 3:2 ищІу Шаваевым топыр гъуэр щыщхьэпригъэкІам, «Спартак-Налшыкым» текІуэныгъэр фІахьауэ къыпщыхъунут. АрщхьэкІэ ди гъуащхьэтет ныбжьыщІэ Къумыкъу Аслъэнбэч абдежым зыкъыщыдэкъуихащ икІи Дзукаевымрэ Алборовымрэ зэуа топхэм къригъэгъэззащ. Абы игъэгушхуэ Бащэмрэ Іэщынымрэ я пенальтихэр Іэзэу ягъэзэщІащ икІи налшыкдэсхэм текІуэныгъэр 4:3-уэ къыхуахьащ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ «Спартак-Налшыкыр» кІуащ Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр къэхьаным теухуауэ 2019 - 2020 гъэхэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм и финалым и 1/64-нэ Іыхьэм. Абы ди щІалэхэр щанущ Псыхуабэ щыІэу «Мэшыкъуэ-КМВ»-р 1:0-у хэзыгъэщІа Черкесск и «Интер»-м. ЗэІущІэр блыщхьэ къакІуэ, щыщхьэуІум и 5-м, Налшык и «Спартак» стадионым щекІуэкІынущ.

Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм щыщу етІуанэ дивизионым щыджэгу адрей командзхэри къэралым и кубокым щІэбэныныхэм яхьыхьащ. Ахэр зыхэта зэІущІэхэм къарикІуа бжьыгъэхэм фащыдогъэгъуазэ: «**Алания**» (Владикавказ) - «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) -**1:0**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Кубань-Холдинг**» (Краснодар) - **3:1**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **0:1**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **3:0**. ТекІуэхэр адэкІэ кІуэтащ.

Нэхъапэжкіэ, Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр къэхьаным теухуауэ екІуэкІ зэхьэзэхуэм и финалым и 1/256-нэ Іыхьэм, щыІа джэгугъуэхэр мыпхуэдэу иуэхащ: «**Урожай**» (Краснодар) - «**Дружба**» - **1:3**, «**Интер**» - «**Динамо-Ставрополь**» - **4:2**, «**Кубань-Холдинг**» - СКА (Дон Іус Ростов) - **2:0**, «**Легион Динамо**» - «**Мэхъэчкъалэ**» - **3:0**, «**Вайпах**» (Грозный) - «**Алания**» - **1:3**. Абыхэм щытекІуэхэращ щэбэтымрэ тхъэмахуэмрэ зэхэта зэІущІэхэм щыджэгуну Іэмал зиІар, нэгъуэщІхэри дыщІагъэжри.

Нобэ зи чэзу джэгугъуэр етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІынущ. «Спартак-Налшыкыр» Новороссийск къалэм щыІущІэнущ абы и «Черноморец» командзм.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Щэныгъэ

Дыщэм и пщІэр къаІэтыж

Ялэм кІуэрыкІуэм тету зэрыжаІэу университетым тыншу щІэтІысхьэфу щытащ курыт еджапІэр дыщэ медалкІэ къэзыухахэр. Ильэс 20 ипэкІи балл зы - тІу зыхуримыкъуэр ялэ курсым щІэтІысхьэрт, дыщэ медалым пщІэ иІэти. Иджы псори ЕГЭ-м теухуа хъуащ. НыбжьыщІэм спортымкІэ екъулІэныгъэ иІэми, щыхьэ, фІыщІэ тхылъхэр и куэдми, дыщэ медаль иІэми - а псоми зэхэту балли 10 къаухуэлэжьу араща.

УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм я мурадщ дыщэ медалым и пщІэр къаІэтыжыну. Думэм законопроект щІалъхьащ дыщэ медаль зиІэхэм я нэхъ мащІэ дыдэу балл 11 хуагъэувын хуейуэ къыщыгъэлъэгъуауэ.

Депутат Ананских Игорь жеІэ ильэс къэс «5» защІэкІэ еджэу курыт еджапІэр къэзыухам балл 11-р къыпежьауэ къэлъытэн хуейуэ.

Депутатым и жэрдэмыр дэзымыщти щыІэщ.

- Иджырей медалыр ильэс 11-ракъым зытеухуар, атІэ иужьрей ильэситІым (епщІанэ, епщыкІуэнэ классхэм) зэреджаращ, - жеІэ РАНХиГС-м и ФИРО-м и Центрым и унафэщІ Малеванов Евгений. - Ди зэманым еджапІэ нэхъыщхьэ псоми япэ щрагъэщ дыщэ медаль зиІэхэр, балли 3 хуэдиз худыщІагъури (дапщэ дыщІагъунуми хуитыр езы еджапІэхэращ). Зэтеубла хъуа Іуэхур щІэпкъутэжьи щхьэусыгъуи слъагъуркъым.

Депутатхэм я бжьыхьэ лэжьэгъуэм мы Іуэхум къытрагъэзэжьынущ, ауэ зэкІэ гурыІуэгъуэкъым текІуэнур хэтми.

● Жылагъуэ

Ингуш щІалэгъуалэм хабзэр ирагъащІэ

Магас щыпсэу щІалэгъуалэм хуагъэушащ ингуш пщащэм, щІалэм хэлъын хуей хьэл-щэныр щыгъэбелджыла тхылъ цІыкІу.

«ЩІАЛЭГЪУАЛЭ хабзэр» убзыхунри зи зэрдэмыр Магас къалэм и администрацэращ. Абы и пэжьакІуэхэм ящыщу тхылъым елэжьахэм чэнджащэгъу яхуэхъуащ тхыдэтххэмрэ хабзэм фІыуэ хэзыщІыкІ нэхъыжьхэмрэ.

- Магас пщыхьэщхьэм дахэ дыдэщ. Ауэ зы щІалэм емыкІуу, уигъэукІытэу ину жиІа псалъэр щызэхэпхкІэ, нэхъыжьхэр щыблэкІкІэ пщащэхэр къызэрымытэджьи щыплпъагъукІэ, уогузавэ, мыбыхэм сыт хуэдэ дуней, сыт хуэдэ зэхэтыкІэ яІэнур, жыпІэу. ИкІэщІипІэкІэ зыгуэр тщІэн хуейщ», - щэтх соцсетым Магас и Іэтащхьэ Цечоев Беслъэн.

Абы къыжегъащ мы тхылъыр щІалэгъуалэм сэбэн яхуэхъуну зэрыщыгугъыр. «ИгъащІэ лъандэрэ ди адэжьхэм зэрахьа хабзэм щІалэгъуалэм щыдгъэгъуазэмэ, езыхэри жылагъуэ щыІэкІэ-псэукІэри тхуэхъумэнущ, армырамэ, лъабжьэ диІэжьнукъым, лъэпкъыр мы зэманым ХХ зэзыгъэса тегъэщІапІэ быдэхэр тІэщІэкІынущ», - жеІэ къаІэ унафэщІым.

Жэрдэмыр дэ къытхъуэмыкІами, къэтпхъуэтами хъунт, ингуш щІалэгъуалэм зэрахуэгъуазавэм теухуауэ жалар ди дежи щокІуэкІри. Ауэ хабзэхэр щызэхуэхьэса тхыльэ бгъэшыныр мащІэу ясыщохъу, щІалэгъуалэм ар зимыІэпэгъу куэд яхэт хъуащи. ФІы дыдэт курыт, ищхъэ еджапІэхэм дерс щхьэхуэ щаджыну, абы теухуауэ зэІущІэхэр ирагъэкІуэкІыну. Лъэпкъым и фІым щымыгъуазэ щІалэгъуалэм нэгъуэщІ щыІэкІэ-псэукІэм зытрауухуэн аращ къызыхэкІыр. Абыхэм я щхьэм нэгъуэщІхэм я хабзэр зы дакъикъэм къиуэу аракъым - зыгуэрхэр къопсалъэ, зэІущІэхэм ирагъэблагъэ.

Ди щІалэгъуалэм, къапщтэмэ, сыт Адыгэ хабзэм хащІыкІыр, абы теухуауэ хэт и жыІэ зэхахрэ?

● Санкт-Петербург

Тхьэмахуэ кІуар Урысейм и Дзэ-тенджыз флотым и махуэу щытащ. Санкт-Петербург абы теухуауэ дзэ кхъухьхэм я парад щекІуэкІар телевизорымкІэ яльэгъуащ ди цІыхухэми, хьэщІэхэми, нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэухэми.

Ар егугъуу къызэрызэрагъэпэщам и щыхьэтщ къэлэмрэ Нева псымрэ зэрагъэкъэбзар, уэрамхэр зэратхъэщІар. Къапщтэмэ, удз гъэгъауэ хасащ мелуаниём щІигъу, телеэкран 16 къалэм щагъэуващ щІыхуэхэр парадым тыншу елпъэфын хуэдэу.

Мы гъэм япэ дыдэу парадым хэтащ Китайм, Индием, Филиппинэм я ВМС-хэм я дзэ кхъухьхэмрэ кхъухьлъатэхэмрэ.

● ГъэщІэгъуэнщ

Зыри зыщхьэщамытыкІ щІыхуэ

Швейцариеми банкхэм ахъшэ ират унэ кьыщэчун щхьэкІэ ипотекэ щІыхуэ къеІызыхым. Апхуэдэ лэжьэкІэм хуокІуэ нэгъуэщІ европей банкхэри.

ЩІЫХУЭМ мащІэ дыдэ (зы процент иримыкъу) фІэкІа щыщхьэщытыкІыркъым къэрал нэхъ зызыужьахэм: Бельгие, Канадэ, Франджы, Германие, Италие, США, Япониеи, Нидерландэр, Швецие, Швейцариеи, Инджылыз.

Ауэ ипотекэ щІыхуэ къэзыщтэм ахъшэ ират ныбжьыр къыщежьар. Ар щаублагъ Швейцариемрэ банк зыбжанэм я лэжьэкІэм къызэрагъэпъагъэмкІэ, абы щхьэкІэ я хэхъуэр нэхъ мащІэ хуэрыкъуар, уеблэмэ йоф ІкІуэ. Хэт дежкІи гурыІуэгъуэщ ахъшэ лейр хъумэным, абы зыгуэр къегъэлэжьыным гугъуехь куэд зэрыпыщІар. Езы ахъшэм «зешхыж», ар къыпхэмыгъэсэбэлмэ. Псальэм папщІэ, ахъшэ лейр Центробанкым зэрыщащхъумэм мащІэкъым текІуадэр. А ахъшэ лейр Іуэху гуэрхэм халъхьэу зыщыгугъа фейдэ къыщІихамыхыжьри куэдрэ къэсыху. Къапщтэмэ, унэ яухуэным нэхъ зэрызратам къыпэкІуараци, унэщІэкэр щІыщІ, зыщэхун ямыгъуэту. Апхуэдэ унэ, фэтэр ыхъыщхьэхуну хуейуэ ипотекэ щІыхуэ банкхэм къеІызыхэм абы процент щхьэщамытыкІым и мызакъуэу, банкым ахъшэ ирет. Швейцариеми и банкхэм я зэгухьэныгъэм и экономист нэхъыщхьэ Хесс Мартин жеІэ: «Ахъшэ пхъумэным нэхъ лъапІэщ, унэ пщІыну процентыншэу щІыхуэ пты нэхъри?»

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● Налшык

Шынагъуэншагъэм толажьэ

Сабийхэм, абыхэм ядэлажьэ егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэрэпэщыным теухуауэ къащта муниципальнэ программэр ягъэзащІэ.

АБы ИПКЪ иту гъэ еджэгъуэщІэр къэмыс щІыкІэ школхэмрэ сабий садхэмрэ къыщащпщытэнущ шынагъуэншагъэ сигнализацэхэм я щыткІэр. Сэкъат зыгъуэтахэр мы зэманым зэрагъэпэщыж. Программэм хеубыдэ, сабий садхэм я пщІантІэхэр тэмэму къэхухьауэ щытын зэрыхуейр.

● МафІэс

Дерс щхьэпэхэр

МафІэс къэмыгъэхъуным кІэлъыплъу ШэрэдЖ, Іуащхьэмахуэ щІыналъэхэм щыІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм жылагъуэхэр, гъавэ щІапІэхэр, мэзхэр къызэхакІуэ. гъэмахуэ хуабэр икІыху мафІэс къэзыгъэхъункІэ хъуну Іуэхугъуэхэм цІыхухэр щагъэгъуазэ.

ИДЖЫ хуэдэ зэманым кэудрэ урохьэлІэ губгъуэхэм, мэз лъапэхэм, бгы джабзэхэм къыщыкІ удз екъужьым мафІэ щІадзэрэ ягъэсу. Ар хабзэм къеззгъыркъым: мафІэ бзийр гъавапкъэхэм, мэзхэм зы напІэзыпІэм щынэс щыІэщ. КъимыдэкІэ щІы щхьэфэм и зэхэлъыкІэм зэрыншхуэ хуохъу, микроорганизмхэр еукІ икІи ар бжьыгъэкІэ зэфІэувэжьыркъым, тепсэр къыщыкІыжьркъым. Апхуэдэщ пхъэнкІий, кІэрыугъбжьэрыу зэхуэхьэсыпІэхэри. А щІыпІэхэм щІадза мафІэр уней лъапсэ гъунэгъухэм яльэІэсынкІэ зэрыхъунум и мызакъуэу, «химие пкъыгъуэхэр» зэрызэраныр пщІэуэ зыщыдзеипхъащ. ГПС-м и лэжьакІуэхэм йопсалъэ, уней Іуэхущ Іапі зиІэхэми ягъэгъуэдзэхэми.

Шэрэдж, Іуащхьэмахуэ районхэр бгыпІэмэзыпІэ щІыпІэу зэрыщытым къыхэкІыу, щыхуэхэри нэхъ сакъын хуей мэхъу. Адрей районхэм елъытауэ гъавэ Іуэхьыжьуэр щІыпІэ щІыЗтыпІэм мазэ хуэдэкІэ нэхъ щогувэри, мафІэс шынагъуэншагъэм ехьэлІа дерсхэр игъуэ дыдэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ищхъэрэ Адыгэ Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэзмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядолжьэнымкІэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІаКІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщІэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъуэгъуазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр зэхъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыдэж Замирэ, Тэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэмэ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(4, 5,6-нэ нап.),* **Иэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дзэпкъыкъуэгъу* **Нэужькъуэ Заирэ.** *КомпьютерКІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Дол Марианэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахьэу Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.064 ● Заказ №693